ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-М И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№171 (21.579) ● 2009 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 10, махуэку ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомі 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Фестивалу тІу, щэнхабзэ зэхыхьэшхуэ къапоплъэ

Фокіадэ мазэм и етІуанэ Іыхьэм Къэбэрдей-Балькъэрым щекІуэкІынуц Іуэхуцуэшхуэу щы: УФ-м щэнхабзэмкІэ и министр Авдеев Александр зыхэтыну Щэнхабзэмкі зэзыгъэІу советым и зи чэзу зэІуцІэр, «Къафэхэр - Іуащхьэмахуэ и щыгум» зыфІаща дунейпсо Іуэрыіуэтэ фестивалыр, телехыбар нэтынхэмкІэ «Мамырыгъэ. Зэгурыіуэ. Зэкъуэтынигъэ» фІэщыгъэІэм щІэт Урысейпсо фестивалыр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кІуэдзэм и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **ДышэкІ Мадинэ** дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щалуащІа и зэхьыхьэхэр кІыхьэзэгъэпэщ гупхэм.

Кавказ Ищхьэрэм иджы щыяпэу фокІадэм и 24-м Налшык щызэхэуэсыжыщ УФ-м Щэнхабзэмкіэ зэзыгъэуІу и комитетым хэтхэр. Абыхэм кІэлъыплъыщ щэнхабзэр Іэмалкіэ эхылагъуэ щыІэныгъэр псыхьыным, лъэпкъ зэхэсгъэж щымыІэным, зэгурыІуэр гъэбыдэным теухуа Іуэхуэхэр, тепсэлъэхьынущ Урысей Федерацэм и Музей фондым хэлъу къэралым и щІыналъэ музейхэм щІэлъ, тхыдэ, щэнхабзэ мыхьэнэ зиІэ хьэпшыпІ лъапІэхэр хьуиэныным, Урысей театр Іуэхум зыщегъэжьынным, нэгъэщІэкІэмэ.

ХьэщІэхэм папщІэ нэгуэшужь программэ кІыхьэзгъэпэщ, ахэр ди республикэмрэ кІалащхьэмрэ я щІыпІэ дахэхэм кІыщрашэкІынущ. КІыхьэгъэпэщакІуэхэм я гуГъэщ а зэІуцІэм хэтынухэр а махуэ дыдэм кІыхьэІуах «Къафэхэр - Іуащхьэмахуэ и щыгум» фестивалым иращІэкІ гуфІэгъуэ зэхьыхьэми хагъэпльэну.

КІыхьэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэм я пащхьэ кІыщыщыпсалъэм, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Фырэ Руслан** ыкІи щІыналъэ «Къафэхэр - Іуащхьэмахуэ и щыгум» Іуэрыіуэтэ фестивалыр ди республикэм 1994 гъэм япэу зэрыщекІуэкІэр, иджыкІэм Урысейм и мызакъуэу, Испанием, Италием, Ираным, Индием, Абхъазым щыщ къэфакІуэ гупхэр зэрыхэтынур. Артистхэм зыкъыщагъэльэгъуэнущ Налшык къалэ и концерт утыкухэмри, республикэм и районхэмри.

Щэнхабзэ зэхьыхьэхэмрэ фестивалхэмрэ ди республикэм зэрыщекІуэкІым кІэлъыплъыну, тетхьышыну къарагъбелэгъахэм яхэтщ ВКъТРК-м и кІуэдамэу къэралым и щІынаІуэ зэмылІэужьыкІыгъуэхэм щылажьэхэм я журналистхэр.

УФ-м Печатымрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и агентствэм, КъБР-м и Правительствэм и Администрацэм, ВКъТРК-мрэ абы и кІудамэу Къэбэрдей-Балькъэрым щыІэмрэ я жэрдэмкІэ кІыхьэрагъэпщэу екІуэкІ телефестивалыр иджы ещанэу зэхэохьэ. Къэпщытакіэ гупым я пащхьэ кІыралъхьэнущ нэхьыфІу къалІыта лэжьыгъэ зыбжанэ. «Стенд-ап нэхъыфІ», «ЗыІэжьэ, напІэзыпІэ!», «Микрофон хуит», «Тельыджэхэр тпэгъунэгъущ» зыфІаща унэтІыныгъэхэмкІэ къэпщытакІуэхэм кІыхьахынущ оператор, журналист щхьэхуэхэри, тезыхуит нэхъыфІхэри. «Дыщэ налсаугъэт нэхъыщхьэр - КъБР-м и Президентым игъэувар - иратынущ фІагъ лъагэ яІэу, творческэу зэдэлажьэ журналист гупым.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

● Гъуазджэ

Сэвкіуий Хьэмид и лэжьыгъэхэр Налшык щегъэлъагъуэ

Ди лъахэгъу, Урысейми хамэ къэралхэми фІыуэ щыщащІыху суэтэщІ Сэвкіуий Хьэмид и Іэдакъэщхьэкіэр Налшык щигъэлъэгъуэнуц фокіадэм и кІуэх, махуэхэм. Ахуэлэ тыгъэм, нэгуэ хэмылъу, щыгуфІыкІынуц суэтэщІ гъэздэкэм дихьэхыу ди республикэм щыщсуэхэр.

ВЫСТАВКЭ ягъэщІэІуахынущ КъБР-м и Лъэпкъ музейм и гъэлъэгъуапІэ пэшхэм ящыщ щым. Утыку кІрахьэну зэкІэлъгъэхэм яхэтщ Сэвкіуийм и творчествэм дихьэххэм фІыуэ яІыхьухэри ихъыпІэ зэи ямыгъэлъэгъуахэри. Выставкэм щызэщІэгъэуІуащ живопись, графикэ, скульптуэр унэтІынытІэхэмкІэ Хьэмид и Іэдакъэ къыщІэкІахэр.

- Мы гъэлъэгъуэщхэм къыщынэмыщІауэ, музейм и лэжьакІуэхэм ди мурадщ нэгъуэщІ зы выставкэ гъэщІэгъуэни утыку кІытхьэну, - жиІащ Лъэпкъ музейм и унафэщІым и кІалтхэр щІалъэкІэ зыгъэзащІэ Накуэ Феликс. - Ар илъэс щыжанэ хьуауэ Милан (Италие щылажьэ суэтэщІхэу Дудар Заремэрэ ДышэкІ Муратрэ я Іэдакъэщ Іэкіэхэщ.Ахэр къуэ щІауэ зэдолажьэ икІи мымащІэу яІэщ ди щІыхуэхэр дзыхьхьыни суэтэ къызэрымыкІуэхэр, унагъуэм къыщагъэсэбэп хьэпшыпІ гъэщІэгъуэнхэр.

Берлиндэсхэм йофэкІ

Хэку зауэщхуэм Текіуэнышъэ къызэрыщытхьэрэ илъэс 65-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ къызэрагъэпэщ «Налшык - Мэзкъу - Берлин» автопробегым хэтахэр фокіадэм и 7-м къраГъэбгъэжащ.

АТЫУЗЫГЪЭНЭР зэпызычахэм республикэм и тепльэр кІыхьэщІ суэтэ, фІеплъ хьэпшыпхэр Берлин музейм тІысыж хуэщІащ.

ЯльэгъуэхэмкІэ, гукъинэжэ ящыхьуаэхэм щытепсэлъыхьым, ди спортсменхэм кІыхьатэщащ Германием и кІалащхьэм нэхьыкІыкІ кІалэ 12 кІыхьэрагъэкІа нэужь, ахэр акъыгъэкІу зэрыгъэхъуаэр ди къэралым адэкІэ гъэзугъэхэр куэдкІэ нэхъ зэрыгъэзэпэщыкІэ. Абы и закъэкъым - ахэр дихьэхащ кІалэхэм я кІаба́заГъэм, рулым дэсхэм лъэсырыкІуэхэм пщІэ зэрыхэуащІым. Урысейм и автомобиль школхэм я ассоциацэм кІыхьэригъэпэщ ма ди дунейпсо Іуэхуэгъэм зэхьэзэхуэ хэттэкІым, ауэ берлиндесхэм ди щІалэхэр зэпеуэм ирагъэблагъэщ. Ди лъахэгъуэхэм яп дыдэу кагтингым я зэфІэкІ щагъэлъагъуэ пэтми, яп, етІуанэ увыпІэхэр ящыдащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Іуащхьмахуэ псынщІэу дэкІыныкІэ зэпоуэ

Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэ Іуащхьмахуэ псынщІэу дэкІыныкІэ зэхьэзэхуэм, International Elbrus Race зыфІащам, дыгъуасэ щІидзащ. Абы хэтыщуи спортсмен 38-рэ.

ЗЭХЬэзэхуэнухэр лъагъуитІкІэ Іуащхьмахуэ дэкІынущ. КъызэгъэпэщакІуэ комитетым и лэжьакІуэ Лалетинэ Еленэ зэрыжиІамкІэ, спортсменибгъуи кІыхьахэр километр 11,5-рэ зи кІыхьагъэ «Экстрим» гъэзугъ. Адрей щІыху 29-р бгым дэкІынущ «Классика» гъэзугъ нэхъ тыншмкІэ, «Бочка» къэувыІэпІэм кІыщыщІэдзаэу.

Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр илъэс етхуанэ хьуауэ Іуащхьмахуэ щокІуэкІ. Мы гъэм абы кІырихьэлІащ Урысейм, Украинэм, Белоруссием, Чехием, Италием щыщ спортсмен пэрэзыгъэхьэхэр. ТекІуэныгъэ кІэзыхьыну нэхъ зыхъугъэфащэхэм ящыщ Прагэ кІыкІа Мархан Милан.

International Elbrus Race зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэщ спортым щІыхь зиІэ и «Экстрим» гъэзугр. Адрей щІыху 29-р бгым дэкІынущ «Классика» гъэзугу нэхъ тепсэлъыхьынущ Урысей Федерацэм и Музей фондым хэлъу къэралым и щІыналъэ музейхэм щІэлъ, тхыдэ, щэнхабзэ мыхьэнэ зиІэ хьэпшыпІ лъапІэхэр хьуиэныным, Урысей театр Іуэхум зыщегъэжьынным, нэгъэщІэкІэмэ.

ХьэщІэхэм папщІэ нэгуэшужь программэ кІыхьэзгъэпэщ, ахэр ди республикэмрэ кІалащхьэмрэ я щІыпІэ дахэхэм кІыщрашэкІынущ. КІыхьэгъэпэщакІуэхэм я гуГъэщ а зэІуцІэм хэтынухэр а махуэ дыдэм кІыхьэІуах «Къафэхэр - Іуащхьмахуэ и щыгум» фестивалым иращІэкІ гуфІэгъуэ зэхьыхьэми хагъэпльэну.

КІыхьэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэм я пащхьэ кІыщыщыпсалъэм, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Фырэ Руслан** ыкІи щІыналъэ «Къафэхэр - Іуащхьмахуэ и щыгум» Іуэрыіуэтэ фестивалыр ди республикэм 1994 гъэм япэу зэрыщекІуэкІэр, иджыкІэм Урысейм и мызакъуэу, Испанием, Италием, Ираным, Индием, Абхъазым щыщ къэфакІуэ гупхэр зэрыхэтынур. Артистхэм зыкъыщагъэльэгъуэнущ Налшык къалэ и концерт утыкухэми, республикэм и районхэми.

Щэнхабзэ зэхьыхьэхэмрэ фестивалхэмрэ ди республикэм зэрыщекІуэкІым кІэлъыплъыну, тетхьышыну къарагъбелэгъахэм яхэтщ ВКъТРК-м и кІудамэу къэралым и щІынаІуэ Ар и щхьэусыгъуэу Дамаск щыІэ и лыкІуэр къриджжащ. Сириеми ищэжащ Багдад щыІэ и лыкІуэр. Ираким Сирием хуиІэ гъунапкъэр игъэбыдэу, дзэшхэу къриплэІащ.

Мы махуэхэм

Фокіадэм и 10, *махуэку*

◆ Илъэс и пэкІэ щІадзащ Андрон коллайдерышхуэм (БАК) пыщІа экспериментым. Ар иретъэкІуэкІ Европэм ядернэ кІэхуэгъэкІэхэмкІэ и организацэм. Илъэс хьуауэ коллайдерыр зэрагъэпсэщыж, мы гъэ бжыхьхэм экспериментым ЦГурыщІэу щІадзэкынущ. Шынагъуэ щыІэщ хьэрщым и зэхэлъыкІэр апхуэдэ щыкІэкІэ зэзыгъэльагъуэ хуейхэм дуней псор зэхахьутэнкІэ.

◆ Илъэс 90 и пэ Сен-Жерман-Ле (Париж пэмыжыжьэу) Іэ щыщІадзащ Яп дунейпсо зауэм щытекІуэхэмрэ Австриемрэ зэращІыхІа мамырыгъэ зэгурыІуэныгъэм.

◆ ФокІадэм и 10 - 12-хэм Новосибирск щекІуэкІынущ ШОС-м хэт къэралхэм инновацэмкІэ я дунейпсо щІалэгъуалэ форум.

◆ ФокІадэм и 10 - 12-хэм Дальян (Китай) щызэхэтынущ 9-нэ экономикэ форум. Ар илъэс къэс ІокІуэкІ.

◆ **Дыгъэ къыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 38-м, къуэкІыжынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 27-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъэ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 51-рэ.**

ФокІадэм и 11, *мурем*

◆ Москва щекІуэкІынущ СНГ-м ЭкономикэмкІэ и Советым и 43-нэ зэІуцІэ.

◆ **Дыгъэ къыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 39-м, къуэкІынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 27-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъэ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 48-рэ.**

ПІуалІэр зыгъэхьэзырыр **ГЪУЩІО** *Зарифэ.*

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

ЩІэр къэхъунум щІэнэцІуэр жьы мэхъу, жьыр блэкІам щІэнакІуэрэ мэлІэж.

Лакобэ Станислав оппозицэм хьыхьакъым

АБХЪАЗ. **Республикэм щынагъэшанагъэмкІэ и советым и унафэщІу щыта Лакобэ Станислав иджыблагъэ журналистхэм зэражриІамкІэ, щІыналъэм щекІуэкІынущ президент хэхьанагъэхэм еым и кандидатурэр къыщигъэльэгъэнущ.**

- Президент хэхьыныгъэхэр Абхъазым и ХохакІэ комиссэм иджари рагъэжьакъым, атІэмэ абы и пэ къыщаухэр щыІэщ. Абы къыхэкІыу щІыналъэр кьызэщІэгъэпльэну сыхуейкым. Республикэм куржьхэр кьытеуэнкІэ шынагъуэ щыщыІам, си кІуэлькъум сытекІакьым, ауэ нужькІэ щхьэусыгъуэ гуэрхэм кьыхэкІыу ІэнатІэм сыкъыІукІащ, - кьыхигъэщащ Лакобэ Станислав.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, Лакобэ и кьулькъум текІащ, Гал районым щыпсэу куржьхэм республикэм и гражданствэ иратыну кьрахьажьа Іуэхуэм кІэ мыарэзыуэ.

- ИпэжьпІэкІэ, Гал районым щыІэ куржьхэм я нэхьыбэм Куржьм и паспорт яІэщ. Абхъазым и законодательствэм кьызэрыхэщымкІэ, ди щІыхэм Урысей Федерацэм и паспортым иэмыщІ, нэгъэщІ къэралхэм я гражданствэ зэрахьэ хьунукъым. Абы кьыхэкІыу Куржьм и гражданинэр Абхъазым и щІыхуэ щытыфІынукъым. Ди лъэщегъэгъэхьну хуэхьан ди щІыпІэ ІэнатІэм сыкъыІукІащ, - кьыхигъэщащ Лакобэ Станислав.

Куржьы псомэ ди граждан гъэтмэ, республикэр зэрыхэхьэжьажьмэ щэн кьытесхьэркъым. Ауэ, си кьулькъум абы щхьэкІэ сытекІауэ щытми, оппозицэм сыкІуакъым.

Бассейн кьызэІуах

КЪЭРЭШЕЙ-ЩЭРДЖЭС. *Черкесск къалэ нэхъ ин дыдэу дзэ курыт еджапІэ №17-м иджыблагъэ бассейн кьыщызэІуахащ. Ар ирагъэщІащ Черкесск къалэ администрацэмрэ «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и къалэ къудамэмрэ.*

ГуфІэгъуэ зэІуцІэм кьрихьэлІа Черкесск къалэ администрацэм и унафэщІ Коротченко Петр еджапІэ щыкІуэкІ ехьэхьыкуаІ икІи кьыхиГъэщащ кьрыт еджапІэм щІэнэ ІэнатІэ дахэ зэриІэр, абы и гъэхэмэ дунейпсо, урысейпсо, республикэ зэхьэзэхуэхэм ехьэлІэныгъэхэр зэхьэзэрыщахьар. ИкІи гуГъэ ищІащ псы есыныкІэ чемпионхэр дяпэкІэ кьащІэхьэну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Америкэм и щыгъуэ мазэщ

2001 гъэм я1гъжьа терактым хэкІуэдахэм я фэеплъ США-м и Президент Обамэ Барак щыдей къэралым исхэм я пащхьэм кьыщыщсэлъэнущ. Апхуэдэ хьыбар кьитащ Уэр Хуэйым и лъжьакІуэ Гиббс Робэрт.

- Дауи, Президентым кьыпсэлъынур теухуащ 2001 гъэм фокІадэм и 11-м кьэхуа гуаэм. Президентыр хуэщІыгъуэнущ а махуэм хэкІуэдахэм. КьыщынэмыщІауэ, абы щыхуэкъэн захуигъэзэнущ ди кьэралым, жьлагъуэм, лъэпкъым хуэхэлъэныр Хэку псор зэуІуэ зыщІ, гугъуэхь куэдым пэлъэщыныкІэ сэбэн кьытхуэхьу Іуэхуэгъуэу зэрыщытым зэрепльыр кьаІуэтэну, - жиІэ Гиббс.

Обамэ къыщыпсэлъэнур 2001 гъэм террористхэр зэуауэ щыта унэхэм ящыщ Пентагон дежщ. А гъэм фокІадэм и 11-м США-м щалэжьа терактхэм хэкІуэдат щыху минги 3-м нэс.

Кхъухьльатэзэхуэхэм зыкъаІэт

Индием и «Jet Airways» авиакомпаниер махуитІ хьуауэ лажьэркьым - абы и кхъухьльатэзэхуэхэм зыкъаІэтащ. Апхуэдэ щыкІэкІэ, дунейпсо къэралкІуэцІ рейси 169-р щыльэтэну зэманыр яГъэІуихьуэн хуей мохьу.

ЗыкъэзыІэта кхъухьльатэзэхуэ 360-р зэуэ осымадзэ хьурти, гъубжьым дэжьакІуэ кьыдэкІакьым. Апхуэдэ щыкІэкІэ ахэр апэщІэуващ я Іуэхущапіэм кхъухьльатэзэхуэхэм я профсоюз кьыщыдэзыгъэпэщыну хэта я лэжьэгъунтІыр ІуэгъуэкІахэм.

Авиакомпанием и унафэщІ Нареш Гоял кьелыгъу забатовкэр хабзэм кьемызэгъэшу икІи сукъуэдий зыкъэзыІэтахэм икІэщІыпІэкІэ дэжьапІэм кьагъэззэжьын хуейуэ. Арыншамэ, зыщІеэзыгъэх псори Іуигъэжьіну мэдалъэ. Нареш Гоял жеІэ дэжьапІэм Іуагъэкіапт Іым я Іуэхур компанием и кІэм нэсу зэхимыгъэкІуэ кхъухьльатэзэхуэхэм забатовкэм щІамыдзэну кьагъэгугъуэу щытауэ, АрщхьэкІэ, абыхэм я псалъэр яхуэгъэпэжакъым. Индиер дзэжьапІэм Іуагъэкіащ иджыри кхъухьльатэзэхуищ.

ЗыкъэзыІэтаэхэр зэгуэльащ «Авиаторхэм я льэпкъ гильдие» зыфІаща профсоюзу. Ахэр мэгугъэ граждан авиацэм и Директоратми я унафэщІ Нареш Гоял яІуІэу епсэлъэну.

Компаниемэ и кхъухьльатэхэр кьалэ 65-м мэлъатэ, абыхэм ящыщу 20-р хамэ зэрахьэхэм щыІэщ. Нэгъабэ дзэжьапІэм щІыху 800 Іуагъэкіат, ауэ адрейхэм зыкъаІэтри, псори дзэжьыгъэм кьраштэлІэжьын хуей хуэщІ.

ЗэрагъэкІуж

Хьэрщ кьэралыгъуэхэм я лигэм (ЛАГ) хэт кьэралхэм кьэралщІыкІ ІуэхуэхэмкІэ я министрхэр дыгъуасэ Каир щызэІуащІащ. Абы и щыхуэсыгъуэ нэхьыщхьэр - Сириемрэ Ираким зэрагъэкІуэжьну мурад зэращІарщ.

ЗэІуущІэм и Іыхьэ нэхьыщхьэм щыщэм и пэ щхьэхуэу зэхуэзащ Сириемрэ Иракымрэ кьэралщІыкІ ІуэхуэхэмкІэ я министрэхэу Муаллем Валидрэ Зибари Хошияррэ. Абыхэм я гъусащ ЛАГ-м и секретарь нэхьыщхьэ Амрэ Муса. ИужькІэ а зэІуцІэм кьыхьыхьэжьнущ адрей кьэрыл кьэралхэм я министрхэрри Тыркум и МИД-м и Іэтащхьэри.

Багдадрэ Дамаскрэ я зэхущытыкІэхэр зэІыхьащ Иракым и кьалащхьэм щыщхьэІум и 19-м щыдзжьа терактым и уэкІкІэ. Абы щІыху 95-р хэкІуэдащ. Иракым и правительствэм кьелытэ ар зылІэжьахэм, «Баас» партым щыщхэм, Сирием зыщагъэпщкІуу.

Ар и щхьэусыгъуэу Дамаск щыІэ и лыкІуэр кьриджжащ. Сириеми ищэжащ Багдад щыІэ и лыкІуэр. Ираким Сирием хуиІэ гъунапкъэр игъэбыдэу, дзэшхэу кьриплэІащ.

Мы махуэхэм

ФокІадэм и 10, *махуэку*

◆ Илъэс и пэкІэ щІадзащ Андрон коллайдерышхуэм (БАК) пыщІа экспериментым. Ар иретъэкІуэкІ Европэм ядернэ кьэхуэгъэкІэхэмкІэ и организацэм. Илъэс хьуауэ коллайдерыр зэрагъэпсэщыж, мы гъэ бжьыхьэм экспериментым ЦГурыщІэу щІадзэкынущ. Шынагъуэ щыІэщ хьэрщым и зэхэлъыкІэр апхуэдэ щыкІэкІэ зэзыгъэльагъуэ хуейхэм дуней псор зэхахьутэнкІэ.

◆ Илъэс 90 и пэ Сен-Жерман-Ле (Париж пэмыжыжьэу) Іэ щыщІадзащ Яп дунейпсо зауэм щытекІуэхэмрэ Австриемрэ зэращІыхІа мамырыгъэ зэгурыІуэныгъэм.

◆ ФокІадэм и 10 - 12-хэм Новосибирск щекІуэкІынущ ШОС-м хэт къэралхэм инновацэмкІэ я дунейпсо щІалэгъуалэ форум.

◆ ФокІадэм и 10 - 12-хэм Дальян (Китай) щызэхэтынущ 9-нэ экономикэ форум. Ар илъэс къэс ІокІуэкІ.

◆ **Дыгъэ къыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 38-м, къуэкІынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 27-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъэ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 51-рэ.**

ФокІадэм и 11, *мурем*

◆ Москва щекІуэкІынущ СНГ-м ЭкономикэмкІэ и Советым и 43-нэ зэІуцІэ.

◆ **Дыгъэ къыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 39-м, къуэкІынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 27-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъэ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 48-рэ.**

ПІуалІэр зыгъэхьэзырыр **ГЪУЩІО** *Зарифэ.*

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

ЩІэр къэхъунум щІэнэцІуэр жьы мэхъу, жьыр блэкІам щІэнакІуэрэ мэлІэж.

Маунтинбайкым и дауиил дІэужьыгъуэмкІэ Урысейм и Кубокыр кьэхьыныкІ теухуа кІэух зэхьэзэхуэр. Кьэбэрдей-Балькъэрым щажьыблагъэ щекІуэкІащ.

Маунтинбайкыр (бгым лъакъуэрыгъажэкІэ ящыщыжьыныр) щІыху куэд дзэхьэхэ лъакъуэрыгъажэ спортым и ныдэлІэныгъэущ. Маунтинбайкыр олимп спорт лІэужьыгъуэ «нэхъыщІэ» дыдэхэм ящыщщ, Яп дыдэу ар щрагъэкІуэкІар 1996 гъэм Атлантэм щызэхэта Олимп Джэгуэгъэщ.

Даунхильр (псынщІэу кьехьын) - бгым кьызэрыщажьхь лъакъуэрыгъажэмкІэ зэпеуэныщ. Абы и гъуэгуанэр лъагапІэ задэхэр, кьэгъэшьапІэ кІэщІхэр, кумбхэмрэ быркьуэпщыркъуэхэмрэ зи куэд, мывэхэмрэ жьыг лъэдакъэхэмрэ кьызыхэпІиикІ, нэхъ гугъуж лъэпощхьэпохэри зиІэ щІыпІэхэм кІуэцІрокІ иІэщ.

ДаунхильмкІэ Урысейм и Кубокыр кьэкьыныр 2001 гъэ лъандзрэ ирагъэкІуэкІ. Мы гъэм ар Урысей Федерацэм и щІынатІэ псоми щыщхэр хэту екІуэкІащ. 2009 гъэм а кьызэдэкІэхэр Новороссийск, Магнитогорск, Владивосток, Сочэ кьалэхэм щекІуэкІащ. КІуэх зэпеуэм Урысейм и спортсмен нэхъ лъэрызехьэу 66-рэ хэтащ. Урысейм и Кубокым щІэбэнащ Украинэм, Кьэзахъстанэм, Беларусьм я райдерхэри.

ГъэщІэгъуэну, гукъинэжу

Япэу зи зэрэІкІ зыгъэлъэгъуа гупым я деж Трухин Денис бжьыпэр щиубыдащ. Травин Григорийрэ Маточенкэ Юрийрэ етІуанэ, ещанэ увыпІэхэр кьахьащ.

НыбжьыкІэхэм ящыщу нэхъ псынщІэу ягъэзащІ Синякин Лешэ, Бочанский Евгений етІуанэщ, ещанэ увыпІэр лъысащ Резников Сергей.

Псом хуэмыдэу гъэщІэгъуэну екІуэкІащ спортсмен лъэрызехьэхэм я зэпеуэр. Райдерхэми зэхьэзэхуэм кІэлъыплъхэми гукъинэж ящыхьуащ бжьыпэр зыубыда Пухирь Ник кьигъэлъагъуа псынщІагъэмрэ дахэу гъуэгуанэр кьызэрэзэринэжІамрэ. ЕтІуанэ увыпІэр кьихьащ Василенкэ Михаил, Фомин Павел ещанэщ.

Зэпеуэр абы хэтахэми еплъащ Украинэм ящыхьуащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Сэтэней.

● ДифI догъэлъапIэ

Жыжьэ плъэф унафэщI

Политик Iэзэ, жылагъуэ лэжьакIуэ зэчииифIэ, ухуэныгъэмкIэ, экономикэмрэ управленэмкIэ IэщIагъэлI, унафэщI IэкIуэлъакIуэуи зыкъэзыгъэлъэгъуа Сэхъу Владимир Къэбэрдей-Балъкъэрым фIыуэ къыщацIыху. Ар цIыху Iэдэбу, хьэл-щэныфIэу, къэралпсо Iуэхухэм егупсысыфу зэрыщытым удэлэжьэну тынш ещI.

ИЛЪЭС 46-рэ хъуауэ Сэхъу Владимир гурэ псэкIэ хуолажьэ ди республикэм и зыужьыныгъэм. Абы и Iуэху еплъыкIэр къалъытэ, республикэм и экономикэмрэ социальнэ IэнатIэхэмрэ зэрызаужьыну Iэмалхэр къыщыхахкIэ. ИкIи апхуэдэ пщIэр Сэхъум къилэжьыфащ и зэчиифIагъымрэ емызэшыжу зэрылажьэмрэ къапэкIуэу. Абы и хьэл къызэрыгуэкIым и щIыбагъ къыдэтщ республикэм и фейдэ зыхэлъ Iуэхухэм щыдимычыхыныр лъэзыгъэкI къару лъэщ. Владимир и гъащIэ гъуэгур гъэнщIащ и лъэпкъым, республикэм хуилэжьа Iуэху дахэхэмкIэ.

Сэхъу Владимир 1939 гъэм фокIадэм и 10-м къыщалъхуащ Тэрч районым щыщ Урожайнэ къуажэм. 1958 гъэм курыт еджапIэр къиухри, КъБКъУ-м щIэтIысхьащ, инженер-ухуакIуэ IэщIагъэм хуеджэну. Лэжьэн щыщIидзар «Къэббалъкъпромстрой» трестым и СУ-9-ращ - абы и прорабу иригъэжьащ. Дзэм къулыкъу щищIа нэужь, «Къэббалъкъпромстрой» трестым и ЗЖБИ-1-м инженеру, инженер нэхъыщхьэу щылэжьащ. 1967 - 1978 гъэхэм КПСС-м и Налшык къалэ комитетым, иужькIэ КъБАССР-м псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэу, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым капитальнэ ухуэныгъэмкIэ и Управленэм и инженер нэхъыщхьэу, унафэщIу щытащ. 1980 гъэм, КПСС-м и ЦК-м деж жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ щыIэ академиер къиухри, Сэхъу Владимир ягъэуващ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым ухуэныгъэмкIэ и къудамэм и инструктору, 1981 гъэм ухуэныгъэ, архитектурэ IуэхухэмкIэ Къэрал комитетым и унафэщI къулыкъур дзыхь хуащIащ.

Мис а лъэхъэнэращ Сэхъум ЖКХ-м и къызэгъэпэщакIуэм, унафэщIым бгъэдэлъын хуей нэщэнэ псори зэригъэгъуэту республикэм и хозяйствэм и лэжьакIуэшхуэ щыхъуар. Ар жыджэру хэтащ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм: республикэр псыкIэ, электрокъарукIэ, газкIэ къызэгъэпэщынми электротранспортым, гъуэгу хозяйствэм я системэхэр щызэтраухуэми.

1982 гъэм Владимир хахащ Налшык къалэ Советым и гъэзэщIакIуэ комитетым и цIыхубэ депутату. 1986 - 1995 гъэхэм лэжьащ республикэм и Къэрал планым и унафэщIу, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомым и секретару, етIуанэ секретару, КъБР-м и Министрхэм я Советым (Правительствэм) и УнафэщIым и къуэдзэу. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутату зэкъым зэрыхахар. А гъэхэм Сэхъу Владимир IупщIу къигъэлъэгъуащ къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу зэрыщытыр, унафэщIым и зэчиишхуэ зэрыбгъэдэлъыр икIи республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. А гъэхэращ унэ кхъахэхэм щыпсэухэр зыубгъуауэ унэщIэхэм щагъэIэпхъуар, Налшык и уэрамхэр, и утыкухэр гъэщIэрэщIэн щыщIадзар, щIэныгъэ егъэгъуэтыныр зэрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэхэр зыхуей-зыхуэфIкIэ къызэгъэпэщыным нэхъ псынщIэу зыщиубгъуар, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, социальнэ-щэнхабзэ IэнатIэхэм я Iуэху ефIакIуэу щыхуежьар.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу щылажьэм, Сэхъур я нэхъыщхьэт КъБР-м социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ, промышленнэ, ухуэныгъэ IэнатIэхэр къэIэтынымкIэ, республикэм езым и электрокъару базэ, щIыдагъэ промышленность зэгъэпэщынымкIэ программэхэр зыгъэхьэзырхэм.

Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и II, III зэхуэсхэм (1995 - 2003 гъэхэм) я депутату щылэжьа пIалъэм кърнубыдэу, Сэхъу Владимир республикэм и фейдэ зыхэлъ Iуэхугъуэшхуэхэр зэфIигъэкIащ, а зэман гугъухэм къэралыгъуэр зыхъумахэм яхэтащ, къаруушхуэ хилъхьащ Урысей Федерацэм и бюджет зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным. Ар куэдрэ утыку ихьащ федеративнэ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэн, КъБР-м и къэралыгъуэм зегъэужьын, лъэпкъ куэд щыпсэу демократ къэралу УФ-р гъэбыдэн зэрыхуейр къыжиIэу. Ар икъукIэ жыджэру илъэс къэс хэтащ бюджетым и законыр гъэхьэзырыным, парламент комиссэ зэмылIэужьыгъуэхэм, лэжьакIуэ гупхэм щылэжьащ, бюджет зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ лъэныкъуищ лэжьакIуэ комиссэм хэтащ. Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым къытекIухьа хэхакIуэ щэ бжыгъэхэм яIущIэурэ, хузэфIэкIымкIэ ядэIэпыкъуащ. Хуиту, и кIэм нэсу къигъэсэбэпащ депутат щIэупщIэкIэм и Iэмалхэм кърат хуитыныгъэр. Сэхъум и Iуэху зехьэкIэри и жэуаплыныгъэри сыт щыгъуи хуэунэтIат республикэр зэпIэзэрыту, мамыру, зэгурыIуэу псэуным, Урысей къэралыгъуэм и зэкъуэтыныгъэр хъумэным.

Сэхъу Владимир и унафэ щIэту, IэнатIэ щхьэхуэхэм хуагъэхьэзыра программэ зыбжанэ федеральнэ министерствэхэм, ведомствэхэм, Урысейм и Правительствэм къыщыдаIыгъащ. Псалъэм папщIэ, апхуэдэщ балъкъэр лъэпкъыр хей щIыжыным, Тырныауз и вольфрам-молибден комбинатым, республикэм и энергетикэ базэм, щIыдагъэ къыщIэшыпIэхэм зегъэужьыным, Iуащхьэмахуэ лъапэ, Налшык я курортхэр егъэфIэкIуэным теухуахэр, нэгъуэщIхэри. А Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ федеральнэ мылъку мащIэкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым къыIэрыхьар.

2003 гъэм и дыгъэгъазэм Сэхъу Владимир хахащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ещанэ зэхуэсым и депутату. Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ комитетым и сопредседателу икIи экономикэ политикэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэу лажьэурэ, социально-экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэр республикэм щегъэкIуэкIыным, лъэпкъ щэнхабзэхэр къэIэтыжыным хуэунэтIауэ, законыщIэхэр гъэхьэзырынымкIэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутату хахын и пэ унафэщIу республикэм, Урысейм и IэнатIэ куэдым зэрыщылэжьам и фIыгъэкIэ, абы и депутат Iуэхухэр хьарзынэу къехъулIащ. Владимир къыхилъхьа Iуэхухэр сыт щыгъуи IупщIу икIи шэчыншэу щытащ.

Сэхъур фIыуэ щыгъуазэщ республикэм и экономикэри и нэгъуэщI Iуэхухэри зыIутым икIи абы ехьэлIауэ сыт щыгъуи пэжыр жеIэ, ар куэдым я фейдэ зыхэмылъу щытми. Аращ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэунэтIа Iуэху гугъухэм щыхэплъэкIэ, абы и макъ зэхахмэ нэхъ къыщIащтэр. Пэжым и телъхьэ депутату, езым и Iуэху еплъыкIэ иIэжу зэрыщытыр абы куэд щIауэ къигъэлъэгъуащ.

Сэхъу Владимир илъэс куэдкIэ псэемыблэжу зэрылэжьар Урысей Федерацэми республикэми гулъытэншэ щыхъуакъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федерацэм и Правительствэм, Къэрал Думэм я щIыхь тхылъхэр, ЩIыхьым и орденыр къыхуагъэфэщащ, Урысей Федерацэм и гъуэгу хозяйствэмрэ гидрометеослужбэмрэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ. 2008 гъэм абы къыхуагъэфэщащ «КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр. Ар иджыри мэлажьэ, зыхэтхэр хъуаскIэ гуэркIэ къызэщIигъанэрэ Iуэхухэм тригъэгушхуэу.

Нобэ Сэхъу Владимир дехъуэхъуну дыхуейт къыщалъхуа махуэмкIэ, узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ лъагэ, унагъуэ насып дяпэкIи иIэну, Хэкуми лъахэми зауэжьыным хуэунэтIа Iуэху дахэ куэд иджыри илэжьыну. Тхьэм уригъэфIакIуэ, Владимир!

ДАДЭ Суфадин.

● Дзюдо

Къэралым и чемпионатыр Налшык щекIуэкIынущ

ФокIадэм и 5 - 6-хэм Налшык спорт комплексым щекIуэкIащ цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ дзюдомкIэ я зэхьэзэхуэ. Ипщэ федеральнэ щIыналъэм и чемпионатым къэрихьэлIащ КъБР-м, КъШР-м, Шэшэн, Ингуш, Дагъыстэн, Адыгей, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Волгоград, Ростов, Астрахань областхэм щыщ спортсменхэр – псори 300-м щIигъу.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР нэхъ гуащIэж ищIащ мыбы щытекIуэ хэм жэпуэгъуэм Налшык щекIуэкIыну Урысейпсо чемпионатым хэтыну Iэмал къазэрыритым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр зэпеуэм щахъумащ цIыхухъу 40-мрэ цIыхубзи 4-мрэ.

Ди щIалэхэм зэхьэзэхуэм икъукIэ фIыуэ зыкъыщагъэлъэгъуащ. ЕтIуанэ увыпIэр яубыдащ Бабыгуей Олег (кг 60), Джэданэ Залым (кг 66-рэ), Дзу Беслъэн (кг 81) сымэ. Килограмм 73-рэ зи хьэлъагъ гупым ещанэ щыхъуащ Тау Азэмэт. Чемпионатым етхуанэ-еханэ увыпIэхэр къыщахьащ Хьэбэчыр Мурат (кг 81-рэ), Шыд Къасболэт (кг 90), Бэрсэдж Ислъам (кг 90).

Килограмми 100-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэхьэзэхуэм япэ увыпIищыр ди щIалэхэм щаубыдащ. Ипщэ федеральнэ щIыналъэм и чемпион хъ уащ Унэшхуэ лI Аслъэн, Хьурсинэ Артур етIуанэщ, Рахаев Су лътIан жэз медалыр къихьащ. Килограммищэм щIигъухэм я гупым етхуанэ увыпIэр щызыIэригъэхьащ Къамбий Аслъэн. Цыхубзхэм я гупым жэз медалыр къыщихьащ Емкъуж Мухьэмэд и гъэсэн, спортым и мастер Бэрэздж Светланэ.

ИщхьэкIэ зи цIэ къыщитIуа спортсменхэр псори къэралым и чемпионатым хэтынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

● Лъэпкъ Iуэху

КъулыкъущIэхэм ямылъагъуу защIми...

Иужьрей зэманым зыхэпщIэу лъэпкъ зэхущытыкIэхэр къыщызэщIэплъащ Ставрополь крайм.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий иджыблагъэ Ставрополь щIыналъэм къыщыкIуам ирихьэлIэу, крайм и къалащхьэм и Iэгъуэблагъэхэм гупышхуэ зэрыгъэхъуа урысхэмрэ даргинхэмрэ щызэзэуащ. ЗэрыжаIэмкIэ, мыпхуэдэущ ар къызэрыхъуар. Московскэ къуажэм урыс щIалэщIэхэмрэ даргинхэмрэ щызэпэщIэуващ. Удын нэхъыбэ зылъыса ныбжьыщIэм и ныбжьэгъухэр напIэзыпIэм къызэхуишэсри, Дагъыстэным къикIахэр куэду щыпсэу Пелагиадэ жылагъуэм яунэтIащ.

А щIыпIэм щыщ хьэрычэтыщIэ Магомедов Шамиль и «Бакарат» тыкуэным деж гупитIым зыщызэраупсеящ. Абы и къуэр Московскэ къуажэм къыщыхъуа хьэлэбэлыкъым жыджэру хэтауэ хуагъэфащэрт. Магомедовым къызэриIуэтэжымкIэ, къэкIуа урысхэр «Дэ фэ (дагъыстэнхэр) фызэтедукIэну дыкъэкIуащ!» жаIэурэ зэрыгъэкIийрт. Даргинхэри къикIуэтынутэкъым. Зылъэгъуахэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, лъэныкъуитIми сэхэмрэ кIэрахъуэхэмрэ яIыгът. Псалъэ гуемыIухэр зэрапэсу ирагъэжьэщ, зэрыгъэгубжьхэри, зэзэуэну зэхэлъэдахэщ. Абы уIэгъэ хьэлъэ щащIащ илъэс 32-рэ зи ныбжь Магомедов Арсен. Абы и щIыбымкIэ къыщытехуа шэр и гум лъэIэсащ. «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» ар сымаджэщым нишэсыну хунэсакъым - и псэр хэкIащ. Ауэ абы щхьэкIи зэзэуэн щагъэтакъым.

- Куэд дыдэм фэбжь ягъуэтащ, - жеIэ Пелагиадэ дэт щIыпIэ сымаджэщым и дохутыр Шамхаловэ Тамарэ. - Я нэкIур, пщэр, дзажэр якъутауэ къытхуашар мащIэкъым. ШэкIэ уIэгъэ ящIахэри диIащ.

Официальнэу хъыбар къызэратамкIэ, зэзауэм хэтахэр хэтми зрагъэщIащ. Ар фIэщщIыгъуейщ, сыту жыпIэмэ иджыри къэс зэхагъэкIакъым зэзэуахэр цIыху дапщэ хъууэ щытами. Куейм и Следственнэ управленэм и унафэщI Поляков Сергей жиIэм тепщIыхьмэ, ахэр цIыху зытхух хъууэ аращ. «Зэуэну къэкIуахэр цIыху 20-м щIегъу, адрейхэр 50-м ноблагъэ», - жеIэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Губанов Виктор. ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэм цIыху 300 зэзэуауэ ятх.

КъулыкъущIэхэр къэхъуам хуабжьу игъэпIейтеящ. Пелагиадэ комендант сыхьэт щагъэуващ, абы и къыдыхьэпIэхэр зэхуащIащ, милицэхэр куэду кърашэлIащ. КъыкIэлъыкIуэ махуэм Шпаковскэ районым щызэхуэсащ крайм ШынагъуэншагъэмкIэ и советыр.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ зэзауэхэр иужьрей зэманым мы щIыналъэм куэд щыхъуащ. Гъатхэм Ставрополь и уэрам нэхъыщхьэм, Дзержинскэм и цIэр зезыхьэм, щIалэщIэ гупитI (урысхэмрэ шэшэнхэмрэ) IэщэкIэ щызэпэуващ. Абыхэм гъуэгур яхуэгуэшакъым. КIэрахъуэкIэ зэхэуэхэри, щхьэж и лъэныкъуэкIэ игъэзэжащ. Ар къыщыхъуар махуэ шэджагъуэрщ, крайм щыIэ ФСБ-мрэ Ленинскэ РОВД-мрэ я хэщIапIэхэм дежщ.

Мэкъуауэгъуэм и пэщIэдзэм аргуэру зы къаугъэ къэхъуащ. Ставрополь и шхапIэхэм ящыщ зым шэшэнхэмрэ даргинхэмрэ щызэпэуващ. Псалъэхэр яфIэмащIэ хъури, бгырысхэм Iэщэ къызэхурахащ икIи шэшэнхэм ящыщ зым и къурмакъейр яуIащ. Дагъыстэнхэр машинэхэм зрадзэри щIэпхъуэжащ, шэшэнхэр абыхэм якIэлъыщIэпхъуащ. Къалэм зэрыдэххэри, зэзауэм пащащ. Аргуэрыи нэщIэбжьэншэу зэфIэкIакъым: даргин щIалэ яукIащ. ЩIэпхъаджащIэхэм щалъхуа щыпIэхэм псынщIэу ягъэзэжри, загъэпщкIуащ. Абыхэм щыIэ милицэхэм езыхэм я лъэпкъэгъухэм ялэжьа хабзэншагъэхэр щIахъумэ хабзэщ.

Зи гугъу тщIахэм къищынэмыщIауэ, скинхедхэм Георгиевск «зыщагъэзащ», нэгъуейхэмрэ даргинхэмрэ Иргаклахрэ Каясулрэ щызэзэуащ...

Апхуэдэ Iуэхугъуэхэр иджыри куэду къыпхуебжэкIынущ. Ахэр щыхьэт тохъуэ Ставрополь крайм лъэпкъ зэхущытыкIэхэр зэрыщызэщIэплъэм. ЩIыпIэ къулыкъущIэхэмрэ хабзэхъумэхэмрэ ар къызыхэкIым и пэжыпIэр щIахъумэну , ямылъагъуу защIыну хэтщ, Iуэху мыхьэнэншэхэм къашауэ ягъэхыбарурэ.

ПАРФЕНОВ Юлиан.
«Северный Кавказ».

● Ипщэ щIыналъэм щыхъыбархэр

Курыт лIэщIыгъуэм щыIа къалэ къагъуэтыжащ

ОСЕТИЕ ИЩХЪЭРЭ-АЛАНИЕ. ***Республикэм и щIыналъэм археологхэм къыщыщIагъэщыжащ алан къалэжь.***

ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, ар ебгъуанэ лIэщIыгъуэм щыIа къалэщ. А щIыпIэм къыщагъуэтащ унагъуэм къыщагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэр, цIыхубзхэм зэрызагъэщIэращIэ Iэлъынхэр, тхьэгъухэр, зэманыр зыпэмылъэщу фIыуэ къызэтена Iэщэхэр. А псори фокIадэ мазэм сыт и лъэныкъуэкIи къапщытэнущ икIи дэтхэнэми хуэфэщэн дэфтэр дыщIагъунущ. ИужькIэ КъуэкIыпIэм и къэрал музейм щагъэлъэгъуэнущ.

И Iуэху бгъэдыхьэкIэм зехъуэж

ИНГУШ. ***Евкуров Юнус-Бэч и уIэгъэ хьэлъэр игъэхъужу сымаджэщым къыщIэкIыжа нэужь, и Iуэху бгъэдыхьэкIэм зыкъомкIэ зихъуэжащ.***

Республикэм и къулыкъущIэхэм ящыщ куэд зэрызэрихъуэкIынур абы ибзыщIыркъым.

- IудгъэкIыни нэгъуэщI IэнатIэ дгъэкIуэни абыхэм яхэтщ, - жиIащ Ингушым и президентым. - Языныкъуэхэм я къулыкъум къахуигъэув жэуаплыныгъэр нэсу зыкащIэркъым, хуейкъым ди республикэр зызыужьу, зэщIэгъагъэу щытыну. ДиIэщ щхьэхынэхэри. А псори дэ къыддэхъунукъым икIи ахэр зэран къытхуэхъуу ддэнукъым.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Саяно-Шушенскэ ГЭС-р зэфIэгъэувэжыныр къэралым е ар зи Iэмыщlэ илъ «РусГидро» компанием я мылъкукIэ зэрызэфIэмыкIынур Урысей Федерацэм и правительствэм быдэу щыжаIащ.

УНАГЪУЭХЭМ электрокъарум и уасэр зэрат щIыкIэм зрамыгъэхъуэжыну я мурадщ икIи, адрей гъэхэми хуэдэу, илъэс дызыхуэкIуэм проценти 10-кIэ ар хэхъуэну аращ. Абы щыгъуэми, промышленнэ IэнатIэхэм яйр нэхъапэм зэрагугъам нэхърэ процент 1,2-кIэ дэкIуеинущ. Аращи, электрокъарум и уасэм гъэпщкIуауэ зэрыхэхъуар зыхэтщIэнущ щIакхъуэм и уасэм щегъэжьауэ гъуэгупщIэмкIэ иухыжу.

Саяно-Шушенскэ гидроэлектростанцым къыщыхъуа аварием и инагъыр къыщащIэпар иджыщ. Шыщхьэlум и 17-м къэралым и энергосистемэм зэуэ къыхэкIащ гигаватти 4,3-рэ. Иджы ар лажьэу яутIыпщыжын папщIэ хэлъхьэныгъэу сом мелард плIыщIрэ лэжьыгъэу илъэсиплIрэ хуейщ. Апхуэдиз мылъку къэгъуэтыгъуафIэкъым, а псом ищIыIужкIэ экономикэр кризисым зэщIищтащ.

Станцыр зэгъэпэщыжыным текIуэдэну мылъкур электрокъару къэзыгъэсэбэпхэм трагуэшэну гидроэлектростанцыр зейхэм занщIэу къыхалъхьащ. «РусГидро»-м и унафэщI Десятов Евгений тхьэмахуищ и пэкIэ жиIащ 2010 гъэм электрокъарум и уасэр щагъэувкIэ, ГЭС-р зэфIэгъэувэжыным ихьынури хагъэхьэну компаниер щIэлъэIуну зэримурадыр. Абы щыгъуэми, аварием къэмыхъу щыкIэ, тарифхэм я индексацэр проценти 6-м икIыу 30-м нагъэсыну «РусГидро»-м ТарифхэмкIэ федеральнэ IэнатIэм (ФСТ) зыхуигъэзат.

АрщхьэкIэ электрокъарум и уасэр Урысейм щызыгъэувыр компание щхьэхуэркъым, атIэ къэралырщ. Абы къыхэкIыу Правительствэм и УнафэщI Путин Владимир вице-премьер Сечин Игоррэ ФСТ-мрэ пщэрылъ ящищIащ «къэхъуам елъытауэ тарифхэр зэрызэхалъхьэну щIыкIэм кууэ хэлэжьыхьу и пащхьэм иралъхьэну». КърикIуахэри гугъэфIэхэр уэзыгъэщI хуэдэщ.

Дауи, «РусГидро»-р зыщIэлъэIу процент 30-кIэ электрокъарум и уасэр зэрыдрамыгъэуеинур гурыIуэгъуэщ. Аварием и пэкIэ компаниер нэхъ мащIэ дыдэу зыщIэлъэIуа проценти 6-м щIагъуу хуит зэращIар процентым и 0,2-рщ. Ар зэхьэлIауэ щытынури IуэхущIапIэхэрщ. Псори тэмэм хуэдэщ, арщхьэкIэ... ахэр тафэм телъращ. Мы Iуэхугъуэм лъэпощхьэпо гъэпщкIуахэри хэлъщ. Къапщтэмэ, къэрал тарифхэмкIэ зи уасэхэр ягъэувхэм я бжыгъэр 2010 гъэм и пэщIэдзэм процент 40 хъунущ, а илъэсым и кум процент 20-м хуэкIуэнущ. Адрей процент 80-р промышленнэ IуэхущIапIэхэм рынок уасэкIэ аукцион хэхахэм къыщащэхунущ. Абыхэм сыт хуэдэ уасэ щыIэнур? Псом хуэмыдэу щIымахуэм.

Иджыри нэгъуэщI зы Iуэху. Саяно-Шушенскэ ГЭС-р иризэфIагъэувэжыну ирикъуну тарифхэм зэрыхагъэхъуэнум къыпэкIуэну мылъкур? ФIэщщIыгъуейщ. Сыту жыпIэмэ 2010 гъэм зэрыхагъэхъуэну процент 1,2-м къахуихьынур сом мелардитIщ. Ар зыхуеинум и Iыхьэ тхуанэ хъууэ аращ. Адрейхэр-щэ?

АРАБОВ Павел.
«Известия».

● Гугъуехь

Аварием къихьа хэщIыныгъэр

электрокъарум и уасэм хагъахъуэу ирагъэкъужыну?

Гу зылъытапхъэ: ФокIадэм и 1-м щегъэжьауэ Евросоюзым хэт къэралыгъуэхэм къыщагъэсэбэпыну хуиткъым ватти 100 зи лъэщагъ электролампIэхэр. Апхуэдэурэ илъэс къэс, 2012 гъэ пщIондэ, Iуахыжынущ ватт 75, 60, 40, 20 хъухэри. Дызэса лампIэхэр яхъуэжынущ электрокъарур зэзыгъэзахуэхэмкIэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Евросоюзым илъэс къэс къыщыдагъэхуэнущ еврэ мелардри 5 - 10. Унагъуэ къэс тебгуашэмэ, ар еврэ 50 - 166-рэ яхуохъу. Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий жиIащ ди къэралри электрокъарур зэзыгъэзахуэ лампIэхэр дэни къыщыгъэсэбэпыным хуэкIуэн зэрыхуейр.

Ар телъыджэу къыпщыхъунущ, ауэ абы лышх къеуэу езым зигъэхъужащ. Кубэм и Iэтащхьэ Кастрэ Фидель илъэс плIыщI и пэкIэ ерыщу яужь ихьащ къэралым щыпсэухэм я узыншагъэр хъумэным икIи абыхэм къагъащIэр нэхъыбэ хъуным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ.

Кубэм и дохутырхэм команданте и гъащIэм пащэ

● Медицинэ

«Сэ илъэси 150-кIэ сыпсэун хуейщ»

Псоми ящIэ: Кубэм и президенту щыта Кастрэ Фидель фIэфIщ зыри зыпэмыплъа Iуэхугъуэхэр утыку кърилъхьэн. Иужьрейр абы фIы дыдэу къехъулIащ. Командантер дунейм зэрехыжам теухуа зи чэзу хъыбарыр дуней псом щызэлъащIысыну иджыри хунэсатэкъым (Кастрэ зи пашэ гупыр 1959 гъэм щыIа революцэм зэрыщытекIуэрэ ар етIощIанэу ягъэIуауэ къыщIэкIынт), Венесуэлэм и студентхэм зэраIущIам теухуауэ трахар телевиденэм къыщигъэлъэгъуам. Зи псэм еджэу телъа Фидель яхъуэжам хуэдэт - ар нэжэгужэт, жыджэрт, и фэри Iейтэкъым. Абы щыгъуэми, илъэсищ и пэкIэ дохутырхэм жаIат и кIэтIийхэм зышызыубгъуа лышхыр зэрыхэтIэсар.

А лъэхъэнэм Кастрэ Фидель нэрылъагъуу ужьыхырт. Абы и узыншагъэм теухуа хъыбарыр къэрал щэхуу ягъэIуат икIи дзэ госпиталым операцэ хьэлъэ щащIат. А псом ищIыIужкIи, узыщыгуфIыкIын щыIэтэкъым: Кубэм и телевиденэм къигъэлъагъуэр фIыуэ зыхэIэзэщIыхьыжа сурэтхэрт. Къапщтэмэ, пIэрыхэнэ командантем и деж Венесуэлэм и президент Чавес Угэ щIэупщIакIуэ кIуауэ. Фидель и Iуэхухэр зэрыIей дыдэм теухуа псалъэмакъхэр ежьащ. ЯфIэщу жаIэрт абы псэуну мазитI-щы нэхъыбэ къыхуэмынэжауэ.

2008 гъэм и мазаем Кастрэ официальнэу и къулыкъум пэрыкIащ икIи ар и къуэш нэхъыщIэ Рауль IэщIилъхьащ. А лъэхъэнэм сэ Гаванэ сыщыIэти, дэнэкIи щызэхэсхырт командантер зэрыщIалъхьэну щIыкIэм куэд зэрытепсэлъыхьыр. ИкIи и дуней гъащIэр иухауэ псоми къыщалъытэм, ар хуамыгъэфащэу къызэфIэувэжащ.

- Ар, пэж дыдэу, телъыджэщ, - арэзы мэхъу онкологие узхэмкIэ IэщIагъэлI цIэрыIуэ, Майами щыщ профессор Флорес Эмиль. - Псом хуэмыдэу, абы и ныбжьыр фIыуэ зэрыхэкIуэтар къэплъытэмэ. Лышхыр хэтIэсамэ, абы зыри пхуещIэжыркъым... Уеблэмэ илъэс тIощI фIэкIа мыхъухэр ехь абы... Зи ныбжьыр хэкIуэта лIыжьыр абы къызэрелын Iэмал щыIакъым. Кастрэ «къызэрыпсэужар» зи фIыщIэр Кубэм и медицинэм и зэфIэкIыр зэрыинырщ.

...Кубэр къэралыгъуэ къулейуэ пхужыIэнукъым. Улахуэр ику иту мазэм доллари 7-10 хъууэ аращ. ЕрыскъыхэкI нэхъыщхьэхэр (къапщтэмэ, лыр) карточкэкIэ ягуэш. Уеблэмэ абы куэду къыщыкI бананхэр пэрыхьэту къащэхуну Iэмал щыIэкъым. Гаванэ и уэрам пхыдзахэр апхуэдизкIэ фIейщи, упхыкIыфыркъым. КIэщIу жыпIэмэ - къыкIэрыхуа къэралхэм ящыщщ.

Абы щыгъуэми, Кубэм и медицинэр Латин Америкэм щынэхъыфI дыдэу къалъытэ икIи къэралым къыщалэжьым и проценти 8-р трагъэкIуадэ. КърикIуари нэрылъагъущ – Кубэм щыпсэухэм я гъащIэм и кIыхьагъыр ику иту илъэс 78-рэ мэхъу!

Пэжщ, жыпIэфынущ къэрал унафэщIым и узыншагъэм сыт щыгъуи дохутыр нэхъыфI дыдэхэр зэрыкIэлъыплъыр. АрщхьэкIэ Туркменистаным и лIыщхьэ Ниязов Сапармурат и щапхъэр дэнэ пхьын? Абыи и узыншагъэм кIэлъыплъат дуней псом и дохутыр нэхъыфI дыдэхэр, мылъкуи и куэдт. Ауэ и ныбжьыр илъэс 67-м иту нэмыцэ IэщIагъэлI Iэзэхэм ар инфарктым кърагъэлыфакъым. НэгъуэщI щапхъэхэри гъунэжщ.

- Фидель езым лышхым зыкъыIэщIихащ, - жеIэ Кастрэ и узыншагъэм кIэлъыплъхэм ящыщ зы Кисмерэ Мигель. - И ныбжьыр илъэс плIыщI щрикъуам абы зыщигъэгъуазэу щIидзащ гъащIэр кIыхь зыщI Iэмалхэм. Кууэ иджащ сыт хуэдэ узыфэхэм жьы хъуахэр ихьми. Псом хуэмыдэу набдзэгубдзаплъэу зригъэщIащ гу узымрэ лышхымрэ къызыхэкIымрэ абыхэм узэреIэзэнумрэ. Пэжщ, абы щыгъуэм командантер егупсысакъым псом нэхърэ нэхъыфIыр фадэрэ тутынрэ уемыфэу упсэуныр зэрыарам. Абы медицинэм и IэщIагъэлI нэхъыфIхэр зэхуишэсри яжриIащ: «Сэ сыт хуэдэ ахъши фхухэсхынщ, фэ лышхым фызэрытекIуэфыну Iэмалхэр къэфлъыхъуэ. Сэ сыпашэщ икIи илъэси 150-кIэ сыпсэун хуейщ. IэщIагъэлI нэхъыфI дыдэхэр къефшалIэ».

ЗылъэгъуахэмзэраIуэтэжымкIэ, абы щыгъуэми Фидель зыри и хьэрэмтэкъым. Илъэс 60 хъуа нэужьщ псоми зэхахыу щыжиIар тутыни аркъэи афIэкIа зэремыфэжынур. Адрейхэри и щапхъэм тетыну къыхуриджащ: «Америкэм и Штат Зэгуэтхэм дапэщIэтыфын папщIэ, дэ лъэпкъ узыншэу дыщытын хуейщ».

Хэт ищIэрэ, а лъэхъэнэм зыхищIауэ къыщIэкIынт и узыншагъэр къызэрытIасхъэр. Арати, лышхым зэреIэзэну Iэмалхэр яубзыхун папщIэ япэм хуаутIыпщу щыта къэрал мылъкум хуэдитIкIэ хагъэхъуащ.

Зыми и фIэщ хъуртэкъым

- Кастрэ сыт щыгъуи кууэ мэгупсысэ икIи жыжьэ маплъэ, - жеIэ Фидель ипхъу Фернандес Алинэ. - Абы жиIэ зэпытт: «Дэ дыкъэрал цIыкIуIуэщ, Iуэхугъуэ цIыкIухэм ди къарур тедгъэкIуэдэну. Пыхусыхумрэ щхьэузымрэ я хущхъуэхэр къэгупсысыным къару щIедгъэхьын щыIэкъым».

Дохутырхэм абы къалэн ящищIащ жыгъэмрэ дуней псор зыпэмылъэщ узыфэ шынагъуэхэмрэ я хущхъуэгъуэр къалъыхъуэну икIи доллар мелардхэр яхуиутIыпщащ. АрщхьэкIэ зыми и фIэщ хъуртэкъым абы зыгуэр къикIыну.

... Иджы Фидель илэжьам езыр щогуфIыкIыж. Лышхым пэщIэтыфу Кубэм щызэхалъхьа вакцинэр дуней псом щыщIэрыIуэщ икIи хэти зыIэригъэхьэну хущIокъу. Чернобыль къыщыхъуа аварием фэбжь хэзыха сабийхэми а къэралыгъуэм ехъулIэныгъэкIэ къыщеIэзащ.

Дауи, жаIэфынущ командантем и насып къикIауэ. Пэжщ, апхуэдэуи къыщыхъу щыIэщ, ауэ лышх узыфэр зыпкърыт, ари хэтIэсауэ, илъэс 83-м зи ныбжьыр нэса лIыжьыр зэрыхъужар къызэрыгуэкI Iуэхукъым. Иджы Кастрэ Кубэм и рекламэу щытыфынущ, дуней псом щыцIэрыIуэ, абы къыщыщIагъэкI сигарэхэмрэ ромымрэ хуэдэу.

Нэхъапэм щыпсэухэм я гъащIэр ику иту илъэс 50-м ерагъкIэ нэсу щыта тропикхэм щыIэ хытIыгу цIыкIур, иращIылIа экономикэ блокадэм щхьэкIи къэмынэу, узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал пэрыт хъуащ. Абы зыщагъэсэну (нэхъыбэм гъэпщкIуауэ) я бий нэхъ гуащIэ дыдэ США-ми къикIыурэ дохутырхэр къокIуэ.

Кубэм и щапхъэм къегъэлъагъуэ дэтхэнэ къэралыгъуэми, къулейсыз дыдэу щытми, медицинэ зызыужьа зэриIэфынур. Абы елIэлIэн, гулъытэ хэха хуэщIын хуейуэ аращ.

... Иджыпсту Кубэм и президент Кастрэ Рауль и ныбжьыр илъэс 78-рэ мэхъу. И узыншагъэмкIэ абы гуныкъуэгъуэ иIэкъым икIи жыджэрщ. 1980 гъэм Рауль жиIауэ щытащ: «Си къуэшымрэ сэрэ медицинэр дгъэлъэщын хуейщ, ди бийхэм дафIэпсэун папщIэ». СызэригугъэмкIэ, абыхэм ар къайхъулIа хуэдэщ.

МАРТОВ Виктор.
«Аргументы и факты».

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я президент Обамэ Барак псалъэмакъышхуэм и курыкупсэм къыхэхутэным иIэжар зымащIэщ.

● Псалъэмакъ

Обамэ щIогъуэж

ПСОРИ къыщежьар Гарвард университетым и профессор Гейтс Генри зэрагъэтIысарщ. Полицэм и насыпыншагъэти, ар США-м и президентым и цIыхугъэу къыщIэкIащ.

Гейтс яубыдащ... и унэ щIыхьэпIэм хэлъ IункIыбзэр икъутэрэ пэт. Гъунэгъухэм ар къацIыхужакъым икIи полицейхэр къраджащ. Яубыда профессорым и дэфтэрхэр ярагъэлъагъун идакъым икIи президентым и деж зэрытхьэусыхэнур яжриIащ.

Къэхъуам и хъыбарыр икIэщIыпIэкIэ Обамэ лъагъэIэсащ. Зы мэскъалкIи емыгупсысу, абы занщIэу жиIащ: «Ар сыт щыгъуи къэхъу Iуэхугъуэщ - афроамериканецхэр е латиноамериканецхэр щхьэусыгъуэ имыIэу хабзэм и хъумакIуэхэм яубыду».

Зи къалэныр тэмэму зыгъэзэщIа, полицэм и офицер Кроули Джеймс нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIахэр илъагъу мыхъуу, и IэнатIэми хуэмыфащэу президентым жиIащ икIи жылагъуэр абы къызэщIигъэстащ. Полицэм хэт куэдым къагъэуващ Обамэ зэрыкъуэншамкIэ зиумысыжын хуейуэ.

Прессэм папщIэ Унэ Хужьым щызэхуишэса брифингым США-м и президентым щыжиIащ къэхъуар и жагъуэ зэрыхъур икIи дяпэкIэ нэхъ егупсысауэ зэрыпсэлъэнур. Абы игъэкъуэнша Кроули телефонкIэ зыпищIэри, езыр зэрымызэхуар жриIащ.

Къэхъуа Iуэху мыщхьэпэм США-м и цIыхухэм дерс къыхахыну, полицэмрэ лъэпкъ мащIэхэм щыщхэмрэ я зэхущытыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ сэбэп хъуну зэрыщыгугъыр Обамэ къыхигъэщащ. Абы жэрдэм къыхилъхьащ Кроули сержантымрэ Гейтс профессорымрэ Унэ Хужьым къакIуэу щызэкIужыну, пивэ щызэдефэну.

«Эхо планеты» журнал.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.